# АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭМКІЭ ТЕСТ

11 класс

1. Шортэн Аскэрбий и «ЛІыгъэм и вагъуэ» тхыгъэр и жанркІэ

1. усэщ. 2. поэмэщ.
2. рассказщ. 3. пьесэщ.

2. Япэ дыдэ дунейм къытехьа адыгэ романыр

1. Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэрщ».
2. ЩоджэнцІыкІу Алий и «Къамботрэ Лацэрэщ».
3. Абыкъу Хъалид и «Инжыдж Іуфэрщ».
4. ДыщэкІ Мухьэмэд и «Пшэплъырщ».

3.Мы усэ сатырхэр хэт зи ІэдакъэщІэкІыр

Мыгъуагъэр ныбжьу пщхьэщытами,
Уигъэдзыхакъым плъыса лейм.
КуэдагъкІэ бийхэм уафыщІами,
УфІащ хахуагъкІэ, Къэбэрдей.

1. КІыщокъуэ Алим.
2. ЩоджэнцІыкІу Алий.
3. Тхьэгъэзит Зубер.
4. КІуащ БетІал.

4. Нартхэ я лІы икъугъэу чынтыр зи ныкъуэкъуэгъур

1. Сосрыкъуэщ. 2. Ашэмэзщ.
3. Бэдынокъуэщ. 4. Батэрэзщ.

3. Мы сатырхэр зейр вгъэбелджылы

Жынгызмэ и нып фІыцІэжьыр
Адыгэм жьауэ хуэхъункъым.
Темыр щІакъуэ къригъэпс дыгъэкІи
Іущхьэмахуэ уэсыр текІынкъым.

1. КІуащ БетІал. 2. ЩоджэнцІыкІу Алий.
3. ПащІэ Бэчмырзэ. 4. Нало Заур.

6. ЩоджэнцІыкІу Іэдэм и «Софят и гъатхэ» повестым хэт дэтхэнэ лІыхъуэжьыра авторым мыпхуэдэу зыхужиІэр: «Ар лІы мыщІ, лІы щІыІэт, псэлъэн зыфІэмыфІт, ауэ лэжьэн хъуамэ, зи пкъыр мыупщІыІужт…»

1. Хьэжпагуэщ. 2. Хьэжрэтщ.
3. Муридщ 4. Чэмалщ.

7. «СхуащIынщ ныбжьэгъухэм джэгу згъэзэжмэ,
БжэIупэр къабзэу япхъэнкIау.
Хуэм хъумэ, Iэгур къаублэжу,
Къэфэнщ бащлъыкъыр екъуэкIау».

Мы сатырхэр къызыхахар КIыщокъуэ Алим и усэ

1. «Си фочым IэплIэ есшэкIауэ».
2. «ЗэкъуэшитI».
3. «Сэлэт шырыкъу».
4. «Нып».

8. «Хужьэ и къуэладжэ» поэмэр зытхар

1. ХьэхъупащIэ Амырхъан. 2. Хьэнфэн Алим.
3. Уэхъутэ Абдулыхь. 4. ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.

9. Жьы хъуа и адэр Жьыгъэибг щимыдзыжу бгъуэнщIагъым щызыгъэпщкIуар

1. Сосрыкъуэщ. 2. Бэдынокъуэщ.
3. Ашэмэзщ. 4. Лъэпщщ.

10. Хэт мы псалъэхэр ЩоджэнцIыкIу Iэдэм зыхужиIар: «Илъэс тIощIрэ тхум и кIуэцIкIэ щIыуи сыт хуэдиз ива..! Къэбэрдейм щIыуэ иIэ псори зы губгъуэу зэхэплъхьэмэ…вагъэу къиIэтам хуэдиз хъуми аращ…»

1. Мурид. 2. Софят.
3. Хьэжпагуэ. 4. Хьэжрэт.

# АДЫГЭБЗЭМКІЭ ТЕСТ

11 класс

1. **Жыгыр къэкIащ, сабийм жиIащ** мы псалъэхэм сыт хуэдэ зэпхыкIэ яку дэлъ

1. зэкIуныгъэ.
2. зегъэкIуэныгъэ.
3. егъэщIылIэныгъэ.
4. зэкIуныгъи зегъэкIуэныгъи.

2. **КIыхь…лIыхь, лъакъуэ…мастэ, нэшхуэ…гушхуэ.** Дауэ ятхрэ мы плъыфэцIэхэр

1. зэпыхауэ.
2. екъуа дэту.
3. зэпыту.

3. **Хэт, сыт, дапщэ** цIэпапщIэхэр

1. зэрыупщIэ цIэпапщIэхэщ.
2. относительнэ цIэпапщIэхэщ.
3. зэрыупщIэ-относительнэ цIэпапщIэхэщ.

4. **Укъысхуреджэ.** Мы глаголым щхьэ дапщэ иIэ?

1. зы щхьэ.
2. щхьитI.
3. щхьищ.
4. щхьиплI.

5. **УкъэкIуамэ, дызэдеджэнт.** Мы псалъэухам и зэхэлъыкIэкIэ

1. къызэрыкIуэщ.
1. зэхэлъ-зэпхащ.
3. зэхэлъ-зэгъусэщ.

6. **«Укъысхуешэ»** мы глаголыр

1. лъэIэсщ.
2. лъэмыIэсщ.
3. зыгъэзэжщ.

7. Адыгэ псалъэухам и определенэм егъэбелджылыфыр

1. псалъэухам и сыт хуэдэ пкъыгъуэри.

2. дополненэм нэмыщI, нэгъуэщI сыт хуэдэ пкъыгъуэри.
3. сказуемэм нэмыщI, нэгъуэщI сыт хуэдэ пкъыгъуэри.
4. обстоятельствэм нэмыщI, нэгъуэщI сыт хуэдэ пкъыгъуэри.

8. **р,м,н** макъхэр
1. жгъыжьгъщ.
2. дэгухэщ.
3. пIытахэщ.
4. сонорнэщ.

9. **Ягъэхьэзырыфащ**. Мы псалъэм и лъабжьэр.
1. ягъэхьэзыр.
2. хьэзырыфащ.
3. хьэзыр.
4. гъэхьэзыр.

10. **СыкъыфIэкIуащ.** Мы псалъэр къэхъуащ
1. суффикс пыувэкIэрэ.
2. префикс пыувэкIэрэ.
3. псалъэпкъ зэхыхьэкIэрэ.
4. суффикси префикси пыувэкIэрэ.

## ИЗЛОЖЕНЭ, СОЧИНЕНЭ ЩЫТЫКIЭХЭР ЗЫХЭЛЪ.

11 класс

Си адыгэбзэ.

Щэхуу ягу илъми, и щхьэ течауэ жаIэми, ди цIыху зырызхэм зыпхагъэIукIыу зэхыбох: «Адыгэбзэр къулейсызщ, къарууншэщ, ар бджыуэ зэман щIэбгъэкIуэдын щыIэкъым». Апхуэдэ гупсысэ зиIэри хъыбар мыфэмыцхэр зыгъэIури езыхэр цIыху къарууншэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы езым и лажьэр, и узыр лажьэ зимыIэ анэдэлъхубзэ хейм кIэрецIэлъ.

И бзэр нэсу ищIэркъым, ирипсэлъэфыркъыми, ар хэтщ и ныкъусаныгъэр цIыхубэм я деж щимыгъэлъэгъуэну, езым и «къулейсызыгъэр» анэдэлъхубзэ фIэтхьэмыщкIэмкIэ игъэпщкIуну, щIихъумэну. Бзэр къулей-къулейсызкIэ зэхэбдз хъунукъым. Зыхуей псори хузэгъэпэщи, зыужьыныгъэ нэс зымыгъуэтын, зыIэрызмыгъэхьэфын бзэ щыIэкъым. Дэтхэнэ бзэми гъащIэм и ехъулIэныгъэр епхащ ар зезыхьэ лъэпкъым и тхыдэм. ЩоджэнцIыкIу Алий итхыгъащ: «Нобэ деплъмэ, зы псалъэ гуэри къэдгъуэтыфынукъым и бзэр итх, иджкIэрэ куэдрэ елэжьа нэужь, ар зримыгъэзэхуэжауэ. Зи бзэр бзэ мыхъуну жылэ закъуи бгъуэтынкъым, фIэIуэхуу, хуэзэу игъэлажьэмэ».

УсакIуэм зэритхымкIэ, дэтхэнэ лъэпкъми и бзэр къулей пщIы хъунущ ар нэсу пхуэгъэлажьэмэ, уегугъумэ. ПхуэмыIуэтэным, пхужымыIэным хуэдизу инщ адыгэбзэм и къалэныр, хьэлэмэтыщэщ абы и лэжьыгъэр.

1. Бзэм и къалэныр, и лэжьыгъэр сэ зэрызыхэсщIэр.
2. Адыгэбзэм, анэдэльхубзэм теухуа тхыгъэхэм ди литературэм щаубыд увыпIэр.
3. «Сыадыгэщ, бзэр сиIэхукIэ,  
Сыадыгэщ, бзэр псэуху!».